

# PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg  
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans sou  
jesyon sante seksyèl  
moun kap viv ak jèm SIDA**

**4**



**USAID | HAITI**  
ÉD PEP AMERIKEN



# PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg  
sou byen viv ak jèm SIDA**

**Seyans sou  
Jesyon sante seksyèl  
moun kap viv ak jèm SIDA**



**USAID | HAITI**  
ED PEP AMERIKEN





Nan finisman seans sa a, tout patisipan ap kapab :

- *Eksplike poukisa li enpòtan pou moun kap viv ak jèm Sida kontinye gen rapò seksyèl*
- *Eksplike poukisa tout rapò seksyèl yo dwe pwoteje*
- *Eksplike kisa li dwe fè pou l asire l yon bon santé seksyèl*
- *Diske sou planin familyal ak sitiyasyon mou ki ta renmen fè pitit*



### *Dire dyalog la: 2zèdtan edmi*

### **Dewoulman seyans lan**

#### **1. Fè entwodiksyon (10 minit)**

Lè seyans lan fèk kòmanse:

- *Di patisipan yo bonjou, mande yo kouman yo ye, kouman fanmiy yo ye*
- *Di yo jan ou kontan la avèk yo yon lòt fwa ankò*
- *Mande yo chita an wonn dekwa pou youn kapab wè lòt*
- *Mande yon patisipan ki vle kòmanse fè rezime pwen enpòtan ki te diskite nan seyans anvan-an.*
- *Mande de lòt volontè fin fè rezime a*
- *Korije oswa konplete sa patisipan yo di yo si sa nesesè*
- *Di yo ki sijè ki pwal diskite jodi a epi prezante objektif yo*

## 2. Bwase lide sou rapò eksyèl pwoteje (60 minit)

Animatè a ap mennen yon diskisyon sou pwen sa yo : Poukisa li enpòtan pou moun kap viv ak jèm Sida a kontinye gen rapò sesksyèl.

Animatè a ap poze patisipan yo kesyon sa yo :

- *Kijan yon moun kapab trape jèm ki bay maladi Sida a?*
- *Ki enpòtans relasyon seksyèl nan lavi yon moun?*
- *Kisa pou nou fè pandan nap kontinye gen rapò seksyèl?*
  - Apre chak kesyon lap koute repons patisipan yo
  - Ankouraje tout moun pale pou bay dizon yo
  - Mande lòt animtatè a pran nòt
  - Koute repons yo ak atansyon
  - Fè yon ti ranmase epi pote tout presizyon ki nesesè
  - Apresa pase nan lòt pwen an pou kontinye diskisyon an.



### Poukisa tout rapò seksyèl dwe pwoteje ?

Poze patisipan yo kesyon sa yo:

- *Ki danje ki genyen si yon moun ki jèm nan kontinye gen rapò seksyèl san kapòt?*
- *Ki danje ki genyen si 2 moun kap viv ak jèm nan kontinye gen rapò seksyèl san kapòt?*
- *Ki avantaj ki genyen nan sèvi ak kapòt tout tan lè nap viv ak jèm Sida a?*

### **« Gid dyalòg kominotè byen viv »**

- *Apre chak kesyon koute repons patisipan yo*
- *Ankouraje tout moun pale pou bay dizon yo*
- *Mande lòt animtatè a pran nòt*
- *Koute repons yo ak atansyon*
- *Fè yon ti ranmase epi pote tout presizyon ki nesesè*
- *Apresa pase nan lòt pwen an pou kontinye diskisyon an.*

Eksplike kisa li dwe fè pou l asire l yon bon santé seksyèl

Animatè a ap poze patisipan yo kesyon sa yo:

- *Sa sa vle di pou nou bon n sante seksyèl?*
- *Ki efò nou dispoze fè pou nou kapab jwi yon bon sante seksyèl?*
- Ankouraje tout moun pale pou bay dizon yo
- Mande lòt animtatè a pran nòt
- Koute repons yo ak atansyon
- Fè yon ti ranmase epi pote tout presizyon ki nesesè. Ensiste sou utilizasyon kapòt pou pa trape IST ak pou pa transmèt jèm SIDA a. Ensiste tou sou enpòtans pou suiv tretman doktè pou IST yo
- Apresa di patisipan yo mèsi pou patispasyon yo.

### **3. Bwase lide sou planin familyal (40 minit)**

Di patisipan yo nap kontinye bwase lide men fwa sa se sou planin familyal. Mande patisipan yo

- *Eske li enpòtan pou nou kontwole pouwwa fè pitit nou. Poukisa ?*

- *Kisa nou kapab fè pou nou kontwole pouvwa fè pitit nou ?*
- *Kisa yon moun (fi oswa gason) ki ta renmen fè yon pitit ta dwe fè ?*
- *Ki kote nou kapab ale pou nou jwenn sevis sa yo ?*
  - Ankouraje tout moun pale pou bay dizon yo
  - Mande lòt animtatè a pran nòt
  - Koute repsons yo ak atansyon
  - Fè yon ti ranmase epi pote tout presizyon ki nesesè sou enpòtans pou fè planin famiyal ak enpotans pou anwole nan PTME
  - Apresa di patisipan yo mèsi pou patispasyon yo.

#### 4. Rafrechi memwa (15 minit)

- *Mande chak patisipan di yon bagay li sonje nan tout sa ki te diskite nan seyans jodia*
- *Tout moun dwe pale*
- *Apre yo fin pale korije sa yo di ki pa fin korèk yo epi ajoute sa ki manke dekwa pou tout pwen enpòtan ki te diskite yo parèt*

#### 5. Tablo chanjman (10 minit)

- *Fè patisipan yo sonje bi dyalòg yo, se pou ede moun adopte konpòtman ki pi bon pou sante yo ak fanmi yo, zanmi yo.*
- *Bay chak patisipan yon tablo chanjman*
- *Eksplike yo sa tablo a ye epi kijan pou yo byen ranpli l*
- *Fè yonn oswa de patisipan repran eksplikasyon yo*

- Di patisipan yo ranpli tablo a selon jan yo santi yo apre seyans la
- Ba yo tan pou yo ranpli tablo a si yo vle fè sa tousuit.
- Di yo yo kapab ranpli tablo a lakay yo tou si yo vle epi tounen ak li nan lòt seyans la

## 6. Evalyasyon (10minit)

- Eksplike patisipan yo nou pwal evalye seyans ki fêt jodiya pou nou wè sa ki te byen fêt ak sa ki merite amelyore. Tout moun dwe bay dizon yo. Lide yo ap ede nou fê lòt seyans yo pi byen. Evalyasyon an ap fêt nan bouch patisipan yo pa gen pou yo ekri anyen. Men animatè a dwe pran nòt nan kaye li.
- Mande patisipan yo èske yo te satisfè de seyans la
- Mande yo kisa ki te bon, kisa yo te renmen
- Mande yo tou kisa yo pa te renmen, kisa ki ta merite chanje
- Pou fini mande patisipan yo bay seyans la yon nòt 1 = pa satisfè di tou ; 2 = plizou mwen satisfè; 3 Satisfè yon ti kras; 4 = satisfè ; 5 = Bon anpil, mwen kontan

## 7. Kloti ak randevou (5 minit)

- Di patisipan yo mèsi pou patisipasyon yo epi envite yo bat bravo pou tèt yo.
- Mande yo di ki pwochen randevou nou genyen, ki jou, ki lè, ki kote.
- Ankouraje yo pou tout moun vini nan lè pou nou ka genyen kont tan pou lòt seyans la.



# NÒT POU MOUN KAP MENNEN SEYANS SOU : GESYON SANTE SEKSYÈL MOUN KAP VIV AK JÈM SIDA

Poukisa li enpòtan pou moun kap viv ak jèm Sida a kontinye gen rapò eksyèl

Viva k jèm ki bay maladi Sida pa vle di sispan n moun. Moun sa a rete yon moun nòmal, li ka kontinye travay, patisipe nan tout aktivite sosyal, kontinye gen anvi fè lanmou, fè lanmou. Gen aktivite seksyèl nan bon kondisyon pèmet tou le de moun yo, pran plezi, detan n yo, pataje ak yon moun ke yo renmen etc...

## **Poukisa tout rapò seksyèl dwe pwoteje**

Pandan moun nan gen dwa pou 1 kontinye gen rapò seksyèl, li enpòtan pou rapò sa yo pwoteje, pou evite re-enfeksyon, pran lòt enfeksyon. Pou yon moun jwi de yon bon n sante seksyèl vle di, nan domèn sa a, moun nan santi byen fisikman, mantalman, soyalman. Sa vle di relasyon seksyèl li genyen yo, se pou li yon sous plezi, san obligasyon, ni diskriminasyon, ni vyolans epi sitou san danje

## **Poukisa li enpòtan pou fè planin familyal**

Planin familyal pèmet tout fanm kontwole pouvwa fè ptit yo, paske menm lè fanm nan ap viv ak jèm Sida li toujou rete yon fanm, depi li nan laj pou 1 fè ptit, li nan relasyon seksyèl san pwoteksyon, li kapab fè ptit. Li

enpòtan anpil pou fanm kap viv ak jèm nan mete bon kontwòl sou pouvwa sa a paske si li vin n ansent, sa vle di :

- *Li gen rapò eksyèl san pwoteksyon*
- *Li gen posiblite pou li enfekte patnè a, oubyen pou li re-enfekte tèt li*
- *Li gen posiblite pou li fè yon timoun ki gen jèm nan*

Pou evite sa, lè li ta vle fè yon timoun ke tout kondisyon reyini, sa vle di :

- *Tou le de moun yo dakò*
- *Youn konnen estati sewologik lòt la*
- *Li respekte randevou doktè, pran medikaman kòrèkteman (si se yon sèl ki enfekte)*
- *Yo respekte randevou doktè, pran medikaman kòrèkteman ( si se tou le de)*

Tou le de moun yo pral mande doktè kap swuiv yo a, konsèy. Se sèl li menm ki kapab di yo kòman pou yo rive fè sa pou asire sekirite tou le twa (manman, papa k pitit)